Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 41 (25770)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 14 мартъи — тæргæйтты мæйы 14 бон, дыццæг   Аргъ 10 сомы

АБОН ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"-ЫЛ СÆХХÆСТ 100 АЗЫ

Удварны къæбиц æмæ зонды чыргъæд

Райгуырæн бæстæ фидауы адæмæй, адæм — æгъдауæй, газет — арфæйы дзырдæй. Къоста дæр хуымæтæджы нæ сидтис: "Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!" Абон æгас Ирыстон дæр (Хуссарæй-Цæгатмæ, Скæсæнæй-Ныгуылæнмæ), иу адæймагау, цин кæнынц сæ уарзон газет "Рæстдзинад"-ы 100 азы цытджын бæрæгбоныл. Йемæ бæттынц сæ рухсдæр хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ бæллицтæ. Фарны бонты фæзынд "Рæстдзинад". Тутыры бонты — уалдзæджы къæсæрыл — райгуырд нæ дидинæг æмæ рауад цардбæллон æмæ цæрæццаг. "Рæстдзинад", иннæ мыхуыры фæрæзтау, никуы аивта йæ ном, уымæн æмæ суанг йæ райгуырдæй фæстæмæ уыд рæстдзинады сæрхъуызой, рухстауæг, фарнхæссæг, уацхæссæг, фидиуæг. Ирыстоны сæйраг ирон газет дзыллæйæн басгуыхти фæндагамонæгæй, æвзаджы артдзæст æмæ дзæм-дзæмы суадоны сатæгæй. Цомахъ æй хуыдта "зондахасты скъола", Елбыздыхъо — "хабархæссæг, хъæргæнæг, фидиуæг", Джыккайты Шамил — "ирон мыхуыры хур". Æмæ уый зын бамбарæн нæу, уымæн æмæ "Рæстдзинад" махæн канд паддзахадон газет нæу, фæлæ адæмон дæр, литературон дæр, дунеон дæр. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг, нæуæдзæм фыдæвзарæн азты "Рæстдзинад" махæн уыдис фæдисон дæр. Æрвылбондæр газеткæсджытæм хæццæ кæны зæрдæдарæн хабæрттæ, лæвар сын кæны ныфс æмæ æууæнк. Адæм ыл сæ зæрдæ дардтой æмæ сæрыстырæй кастысты фидæнмæ.

Абон "Рæстдзинад" йæ куырыхон кары бацыд, акаст 100 азы сæрты, ссис удварны къæбиц æмæ зонды чыргъæд, басгуыхт аив дзырдхæссæгæй дæр. Ирон газет æмæ ирон факультетæн æфсымæртæ уæвын хъысмæтæй лæвæрд у. Газеты фарн бæрзонд чи хаста æмæ хæссы, уыдон иууылдæр (Цомахъæй фæстæмæ) сты ЦИПУ-йы рауагъдонтæ, æмæ сæ нæ сæр бæрзонд хæссæм. Абон канд "Рæстдзинад" нæ, фæлæ æгас дзыллæ дæр цин кæны нæ кадджын бæрæгбоныл, уымæ гæсгæ сын мæ зæрдæ зæгъы ног æнтыстытæ, ног уæлахизтæ, ног бæрæгбонтæ.

ХОЗИТЫ Барис

Дунеjы мæгўр кусæг адæм, баиў ут!

РÆСТДЗІНАД

Цæгат—Ирыстоны коммуністы партиjы комітет æмæ Округы Iсполкомы газет.

Iў №-æн jæ арҕ—сом æмæ æрдæг.

№ 1.

Редакці æмæ контора адрис: угол Пролетарского просп. и ул. Троцкого. (Помещ. Горцина).

ÆРТУЦДÆГ. 14 МАРЂI 1923 аз.

Газет цæуы ўурі iў хатт. Jæ арҕ мæj—5 сомы.

Редакці хатыр куры кæсджытæj ацы номуры рæдыдты тыххæj. Рæстæг кўд нæ ўд ўнæ гæсгæ редакціjæн амал не'рцуд газеты фытдаг номуры бінонты бакусын.

Фæстаг номуртæ ўдысты бінонгыдæр кўст.

Редакці.

Фæллоjгæнæг адæмæн іс æрмæст iў ЛÆНÆ ФÆСАJГÆ РАЗДОГ ўj у—КОМУНИСТУ ПАРТI.

„РÆСТДІНАД"

Бакусæг адæмы фыццаг къухъ—ЛЕНИН.

ЎÆРÆСЕI КОММУНІСТУ ПАРТIJУ БÆРÆГБОН.

Газет у фæллоjгæнæг адæмы ўнаффæдон æмæ мæгўр лæджы цардмæ рухс хæссæг.

КОМУНИСТУ ПАРТI с'ўæгд кодта кусæг адæмы мулкдæсты фсондў бўнæj.

IЎМÆДАГ КЎСТ та нæ фервæзын кæндзæн МÆГЎРДІНАДУ БУХТÆJ.

ЦОМАЙТЫ Ростислав

Ирон дзырды гæнах

"Рæстдзинад" у
Нæ хуры тын, нæ айдæн.
Æвдисы уый
Нæ алывæрсыг уард.
Нæ быхсы, нæ
Козбаудзинадæн, сайдæн.
Хæрæм йæ номæй
Мин-мин азты ард.

У азфыссæг,
Историйы æвдисæн,
Уый федта хæст,
Уæлахизы бон, кад.
Уыдис фыртау
Æфсымæрон Цæдисæн.
Ныр дæр кæны
Ирыстонæн лæггад.

Арфæтæ "Рæстдзинад"-ы 100 азы юбилейы фæдыл

ЗЫНАРГЪ ХÆЛÆРТТÆ!

Сæдæ азы размæ рухс федта газет "Рæстдзинад"-ы фыццаг номыр. Уый ссис ахсджиаг æмæ арфæйаг цау ирон адæмы царды. Ирон газеты фæзындмæ бæллыдысты нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæ, уымæн æмæ æхсæнады мыхуырон фæрæзæн кæддæриддæр уыд стыр æмæ бирæвæрсыг ахадындзинад, уæлдайдæр та — уыцы рæстæг. Æмæ уыцы хъуыддаг къухы бафтыд. Гæдиаты Цомахъ æмæ йе 'мцæдисонты хъæппæрисæй даргъ æмæ ирд фæндагыл акъахдзæф кодта газет "Рæстдзинад".

Цыбыр рæстæгмæ ирон газет ссис адæмæн уарзон. Йæ кæсджыты зонгæ кодта Ирыстоны, Уæрæсе æмæ æгас дунейы хабæрттимæ, адæмы рæгъмæ хаста ног дуджы идеятæ, кодта стыр рухстауæн куыст.

Уæдæй абонмæ рацыд æнæхъæн æнус, фæлæ "Рæстдзинад"-æн нæ фæмынæг йæ ахсджиаг нысаниуæг Ирыстоны царды. Ныртæккæ дæр газеткæсджытæ, уыдонимæ æз дæр, æнхъæлмæ кæсынц алы ног номырмæ дæр.

Дызæрдыг нæ кæнын, уыцы фæрныг хъуыддаг дарддæр дæр кæй ахæццæ уыдзæн, ууыл. Уымæн æмæ "Рæстдзинад"-ы абон дæр кусынц дæсны журналисттæ æмæ æндæр специалисттæ. Уыдон дарддæр бæрнон æмæ рæсугъдæй хæссынц, газеты бындурæвæрджытæ æмæ, йæ райрæзтыл цы бирæ фæлтæрты минæвæрттæ фæллой кодтой, уыцы адæмы фарн.

Зæрдæбын арфæтæ кæнын редакцийы кусджытæ æмæ газеты æппæт кæсджытæн дæр ацы фæрныг юбилейы фæдыл! Уый у нæ иумæйаг цины бон. Мæ зæрдæ дарын, "Рæстдзинад" дарддæр дæр ирон дзырды фарн хъахъхъæнæг кæй уыдзæн, дзыллон информацийы иннæ фæрæзты 'хсæн нымад æмæ кадджын кæй уыдзæн, ууыл.

Уæлахиз æмæ фæрнæйдзаг ут!

Сергей МЕНЯЙЛО,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг

ЗЫНАРГЪ ХÆЛÆРТТÆ!

Абон мах бæрæг кæнæм республикæйы царды ахсджиаг цау — газет "Рæстдзинад"-ы фыццаг номыры рацыдыл сæххæст 100 азы.

Рагондæр æмæ кадджындæр мыхуырон фæрæзтæй иуы юбилей ирд æвдисæн у нæ республикæйы фæстаг сæдæ азы хъæздыг историйæн — уый баззад журналистты репортажтæ æмæ иннæ уацмысты. 1923 азы мартъийæ райдайгæйæ, "Рæстдзинад" абоны онг бæстонæй æвдисы æппæт ахсджиаг цаутæ дæр, нæ адæмы удварны хæзнатæ хъахъхъæны, Ирыстоны кадыл кад чи 'фтауы, уыцы адæмы архайд уæрæх æвдисы.

Алы азты дæргъы, "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусгæйæ, ирон мыхуыры рæзтмæ стыр æвæрæн хастой Гæдиаты Цомахъ, Барахъты Гино, Малиты Георги, Коцойты Арсен, Дзугаты Барис, Хъаныхъуаты Валодя, Хъесаты Валодя æмæ нæ национ культурæ æмæ æхсæнадон цардыиннæ зынгæ архайджытæ. Уыдон уыдисты, йæ дæснийадæн йæ цард чи снывонд кодта, ахæм курдиатджын зæрингуырдтæ. Сæ хъаруйæ æвæрд æрцыд фидар бындур газеты дарддæры райрæзтæн.

Ныртæккæ дæр редакцийы коллектив Хозиты Барисы разамындæй, хистæр фæлтæрты рæсугъд традицитыл æнцой кæнгæйæ, къæрцхъус у царды тæвагмæ, арæхстджынæй пайда кæны мыхуырон ныхасæй. Уыцы æууæл та гуырын кæны газеткæсджыты æууæнк.

Ацы зæрдылдарæн бон Цæгат Ирыстоны Парламенты депутатты номæй сымахæн бузныг зæгъын уæ æрвылбонон ахсджиаг куысты тыххæй. Мæ зæрдæ уын зæгъы ахадгæ, æнтыстджын архайд! Уæхицæн æмæ газеткæсджытæн дæр æхцондзинад чи хæсса, ахæм цымыдисаг æрмæджытæ фылдæр куыд уа!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар

ЗЫНАРГЪ БАРИС РАЗДЕНЫ ФЫРТ! "РÆСТДЗИНАД"-Ы РЕДАКЦИЙЫ ЗЫНАРГЪ КУСДЖЫТÆ!

Зæрдиаг арфæ уын кæнын ахсджиаг цау — "Рæстдзинад"-ы фыццаг номыры рацыды 100 азы боны фæдыл!

Газет "Рæстдзинад" æмæ йæ сæдæ азы юбилей ирд æвдисæн сты нæ республикæ æмæ æппæт Уæрæсейы хъæздыг историйæн, зынгæ бынат бацахстой нæ бæстæйы царды азфысты. Æмæ ацы бон æрмæст газеты коллективы бæрæгбон нæу, фæлæ уый зæрдылдарæн у йе 'ппæт кæсджытæн, йæ бирæ автортæн, мыхуыры ветерантæн.

Зынаргъ хæлæрттæ! Сымахæн алкæддæр æнтысы рæстæгимæ æмдзу кæнын, мыхуырон фæрæзты хæрзхъæддзинад хъахъхъæнын. Хистæр фæлтæртæ иудадзыгдæр аудынц æрыгон курдиатджын автортыл, æнæвгъауæй сын хай кæнынц сæ бирæазон фæлтæрддзинадæй. "Рæстдзинад" æцæгæй дæр ссис адæмон газет, æмæ уыцы хъуыддаджы сымахæй алкæй бавæрæн дæр ис.

Зæрдиаг бузныг уын зæгъын уæ фæллойы тыххæй! Дунейы фарн зæгъæд, цæмæй "Рæстдзинад" йæ кæсджыты хæдзæрттæм хæсса хорз хабæрттæ! Æнæниздзинадæй, амонд æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæй хайджын ут!

Аргъ уын кæнгæйæ,
ГОБЕТЫ Ибрагим
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг

Ирон адæмы азфыссæг

Даргъ æмæ уæрæх у ирон адæмы истори. Бирæ фæхæрдгæнæнтæ æмæ уырдыджытæ дзы уыд: рæзты, сæрыстырдзинад æмæ хъизæмайраг дуггæ. Уæддæр алы уавæрты дæр ирон лæг йæхи ивæзта рухсмæ, чиныгмæ. Æвæццæгæн, раст сты уыцы ахуыргæндтæ, ирон адæммæ фыссынады фæзындыл дыууæ мин азæй фылдæр цæуы, зæгъгæ, чи фыссы, уыдон. Фæлæ историон зын фыдæвзарæнты астæуккаг æнусты нæ чиныг бахъахъхъæнын нæ къухы нæ бафтыд.

Æмæ та XII-XIV æнусты фæлдурæдджын азты фæстæ ирон адæм бынысхъуыды фæндагæй куы фервæзтысты, уæд атындзыдтой рухсмæ, сæхицæн чиныг агурæг. Æмæ та 1798 азы Мæздæджы рацыд фыццаг ирон чиныг. Уый уыд Къостайы "Ирон фæндыр"-мæ хъавгæ æмæ хъуызгæ фыццаг къахдзæф.

Рæзт æмæ фидар кодта ирон интеллигенци, ирон дзыллæйы 'хсæн ахуыргонд адæм фылдæрæй-фылдæр кодта. Æмæ уыдоны дæр фæндыд, цæмæй алы ирон дæр кæсын-фыссын зона. Раззагдæр интеллигенци та тырныдта Иры дзыллæтимæ мыхуыры фæрцы ныхас кæнынмæ, алы ирон хæдзармæ дæр дунейы адæмты царды райрæзты тæваг бахæссынмæ.

⁂

Ирон адæмы хуыздæр ахуыргонд лæгтæ тырнытдой сæ мадæлон æвзагыл газет рауадзынмæ. Ссæдзæм æнусы райдайæны къордгай лæгты хъæппæрисæй Уæрæсейы алы рæтты æмæ ам, Ирыстоны дæр, ирон æвзагыл фæд-фæдыл рацыдысты цалдæр журнал æмæ газеты. Фæлæ-иу цалдæргай номыры фæстæ, фæрæзтæ сын кæй нæ фаг кодта, уый фыдæй æхгæд æрцыдысты. Уæд фæзынд ирон драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы журнал "Хуры тын" дæр. Уагъта йæ йæхи хардзæй Бетъырбухы. Стыр хæстæ æмæ нысантæ сæвæрдта уæд йæ размæ Елбыздыхъо, хуры тынау æй ныккæсын бафæндыд йæ радтæг адæмы зæрдæтæм. Фæлæ æрмæст æртæ... æртæ номыры рауадзын бацис йæ бон, йæ къух æндæр нæ самыдта, куысты мыздæй цы æрæмбырд кодта, уыдон ын æндæр фаг нæ систы.

⁂

Æрлæууыд ног цардарæзт. Уалдзыгон мæры æвзартæ хæрдмæ куыд ныггуыпп кæнынц, афтæ базмæлыд бæстæ, адæмы хъæппæрис. Ирон æвзагыл газет рауадзын рагæйдæр йæ бæллиц кæмæн уыд, уыдон дæр æмгуыппæй базмæлыдысты. Банкъардтой, ног паддзахады æххуысæй сæ бон сæ мадæлон æвзагыл газет рауадзын кæй у, уый, æмæ сæхиуыл нæ бацауæрстой. Газет рауадзыныл зæрдиагæй чи куыста, уыдон уыдысты нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæ — "Рæстдзинад"-ы фыццаг редактортæ **Гæдиаты Цомахъ, Брытъиаты Цæра, Барахъты Гино, Гулуты Андрей, Малиты Георги, Коцойты Арсен, Къосыраты Сæрмæт, Бутаты Аслæнбег, Мамсыраты Саханджери** æмæ иннæтæ. Суанг ма сын Берлинæй æххуыс кодта **Баиаты Гаппо** дæр.

⁂

Ирон культурæйыл, æппæт ирон адæмыл дæр 100 азы размæ, 1923 азы 14 мартъийы, æрцыд стыр хорздзинад — нæ мадæлон æвзагыл нæм фыццаг хатт рацыд æцæг дзыллон газет, æмæ йыл сæвæрдтой, дунейы адæмты раззагдæр тыхтæ æнусты дæргъы цæмæ бæллынц, сæ зонд цæуыл бæттынц, сæ хъару цæмæн дæттынц, уый ном — "Рæстдзинад"! Газет "Рæстдзинад"-ы райгуырд ирон дзыхæйдзурæг алы адæймагæн дæр уыд бæрæгбон. Уый алы иронмæ дæр равзæрын кодта сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ, æмæ йæ фарсмæ æрбалæууыдысты фидар æнцойæн. Æххуыс ын кодтой, фыстой йæм сæ хъыгтæ, сæ зынтæ, сæ цинтæ. Йæ алы номыр дæр сын хаста æхсызгондзинад, Къостайы æмдзæвгæйау æй къухæй-къухмæ истой. Кæсын чи зыдта, уыдон æй иннæтæн кастысты хъæуты Ныхасты, сыхты, бинонты 'хсæн, зонгæтæн.

"Рæстдзинад" сын сæ талынг къуымтæм хаста дунейы хъæр, рухсы цъыртт, дзырдта ирон адæмы царды ахсджиаг лыггæнинаг фарстатыл, сæ ивгъуыд, сæ абон, сæ фидæныл. Хуыдта сæ Къостайы фæдыл рухсмæ, хи æрæмбарын æмæ ног цард саразынмæ.

⁂

"Рæстдзинад" йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ ссис ирон адæмы азфыссæг. Йæ кусджытæ æмæ æхсæнадон уацхæсджытæ йæ æнгом бабастой фæллойгæнæг адæмы цардимæ. Уымæн æмæ сæхæдæг уыдысты йæ гуылфæны.

⁂

Уæззау, гуыргъахъ, фæлæ арфæйаг фæндæгтыл рацыд "Рæстдзинад" нæ адæмимæ иумæ. Ирыстоны цы стыр цаутæ, цы стыр арæзтæдтæ цыд, уыдон дзы æвдыст цыдысты сæ райдайæнæй сæ кæронмæ. Уыдонимæ — Джызæлдоны ГЭС, Къасарайы фæндаг æмæ тъунел, Беслæны нартхоры комбинат, Цæлыччы къанау, Дзæуджыхъæуы ГЭС, ног заводтæ, фабриктæ, индустриализаци, коллективизаци, МТС-тæ, колхозтæ, совхозтæ, фондзазонтæ. Газет уыд фæллойадон ерысмæ разæнгардгæнæг тых.

⁂

1928 азы Барахъты Гино уыдис газет "Рæстдзинад"-ы редактор. Уæд нæм ирон журнал нæма цыдис, æмæ Гино уадзын райдыдта литературон уæлæмхасæн "Размæ".

Æртынæм азты газет "Рæстдзинад"-ы фæрцы сæ нæмттæ Ирыстоны дæрдтыл айхъуыстысты ирон фысджыты ног фæлтæрæн: **Фæрнион Къоста, Малиты Георги, Мамсыраты Дæбе, Хъамбердиаты Мысост, Хуытъинаты Цыппу, Хъайтыхъты Геор, Бæдоаты Хъазыбег, Бесаты Тазе, Епхиты Тæтæри, Плиты Хадо, Хетæгкаты Дауыт, Илас Æрнигон, Багъæраты Созыр, Дзесты Куыдзæг** æмæ иннæтæн.

"Рæстдзинад" йæ райдайæнæй абонмæ ссис ирон фысджыты фæлтæрты сфæлдыстадон рæзты куырдадз. Æркæсут-ма нæ абоны фысджыты цард æмæ сфæлдыстадон фæндаджы азфыстытæм. Алы ран дæр дзы бафиппайдзыстут ахæм фыст: "Йæ уацмыстæ фыццаг хатт мыхуыргонд æрцыдысты газет "Рæстдзинад"-ы, стæй ма: "Куыста газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы".

"Рæстдзинад"-æй царды вазыгджын фарстаты фæдыл хъуыст зындгонддæр ирон фысджыты, ахуыргæндты, æхсæнадон, политикон æмæ культурæйы кусджыты фидар æмæ барджын хъæлæс. Æвдыстой адæмимæ сæ иудзинад, сæхи бастой йæ хъысмæтимæ.

(Кæрон 2 фарсыл)

Ирон адзырды рæвдауæг авдæн —

АРФÆТÆ

МÆ ЗЫНАРГЪ, МÆ ИУБÆСТОН, МÆ ИУЗÆРДИОН АДÆМ, ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"-Ы КУСДЖЫТÆ!

Særdiag arfæ uyn kænyn yæ кадджын æmæ цины бæрæгбон — газеты 100 азы юбилейы фæдыл!

Уый у стыр зæрдылдарæн бон, уымæн æмæ уый бæрц рæстæг газет йе скæнæг, йæ равзæрст адæмимæ иумæ тох кодта йæ удварн æмæ йæ цæрайыл, хаста адæмы разæй ирон тырыса; цыд размæ цыфæнды зын рæстæджыты дæр, хызт иу къæпхæнæй иннæмæ, фидар къахдзæфтæй гæрста йæ фæндаг: цал æмæ цас дугивæнты бахауд, фæлæ уæддæр, цыфæнды рæстæг дæр йæ нысанмæ здæхт, рæстуд адæмты фарс лæугæйæ, хъомысджын æмæ æхсарджынæй цыд, уыд цæрдуд, æмæ йыл абон мах бæрæгбоны арфæтимæ æмбæлæм!

Газеты рæзтыл æрвылбон цы адæм архайынц, уыдонæн мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, бинонты амонд æмæ куыстхъомыс! Арфæйаг, бæрнон куыст кæнут æмæ уæм уæ домбай архайд дзыллæты фарнæй сæдæйæ здæхæд!

МАМСЫРАТЫ Таймураз,
Уæрæсейы
Федерацийы сенатор

ÆЦÆГ АДÆМОН ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД" 100 АЗЫ РАЗМÆ РАНТЫСТ ДУНЕМÆ ÆМÆ РУХС ФÆНДАГЫЛ АБАЛЦ КОДТА.

Уый æнцон нæ уыд, фæлæ газет, адæмы иудзинад æмæ фарныл тохгæнгæйæ, йæ цардæн ын æвдисæн уæвгæйæ, ныфсджын æмæ уæндонæй æххæст кодта йæ сæйраг хæстæ. Архайдта, цæмæй адæмы национ химбарынад, культурæ, мадæлон æвзаг æмæ литературæ иудадзыг рæзой.

Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы номæй арфæ кæнын газет "Рæстдзинад"-æн йæ 100 азы юбилейы тыххæй. Йæ сæйраг редактор Хозиты Барисæн, редакцийы æппæт кусджытæн, Ирыстоны газеткæсджытæн — нæ арфæтæ!

Уæ къухы ноджы фылдæр æнтыстытæ æмæ уæлахизтæ æфтæнт, æгъдау, мадæлон æвзаг æмæ ирондзинад рæзæнт!

ЕНАЛДЫТЫ Хъазыбег,
Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд
"Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг

НÆ ЗЫНАРГЪ "РÆСТДЗИНАД"-Ы КУСДЖЫТÆ!

Абон уæ газеты бæрæгбоны номыр уæлдай рæсугъддæр æмæ зынаргъдæр у нæ зæрдæтæн! Нæ къухтæм æй райсдзыстæм куыд æвæджиауы хæзна

афтæ, уымæн æмæ йæ фыццаг номырæй нырмæ сæдæ азы рацыд.

Æнусы дæргъы газет кæд бирæ къуырцдзæвæнтæ, зынвæндæгтæ бавзæрста, уæддæр йæ тырыса дæлдæр никуы æруагъта æмæ абон сæрыстырæй æмбæлы йæ 100 азы юбилейыл. Æнæ газет адæмæн цæрæн нæй, уый, уæлдæфау, хъæуы нæ адæмы! Йæ Райгуырæн зæххыл иузæрдион чи у, йе 'взаг, мады æхсырау, адджын кæмæн у, йæхи ирон чи хоны, уый хъуамæ, æнæмæнгæй, иса æмæ кæса ирон газет. Уый цавæр ирон лæг у, уыдон цавæр адæм сты ирон газетыл, ирон уæвгæйæ, ма бацин кæн!

Газет хæссы зæрдæтæм æрвылбоны царды рухс, нæ адæмы алывæрсыг хабæрттæ, сæ домæнтæ, æхсарджын хъæбатырты уæлахизтæ. Уыдонæн не 'рвылбоны царды, алы рæстæджыты нæй кæрон, æмæ сæ мах хъуамæ зонæм, уæ хъæппæрисджын архайды фæрцы, зынаргъ кусджытæ! Газет у уæ дыккаг хæдзар æмæ фæрнæй кусут!

Цардæфсæст ут, æмæ уыл рæсугъд бæрæгбæттæ кæнæд!

"Рæстдзинад" цæрæд æмæ дидинæг калæд тъымытъыматæм!

ФИДАРАТЫ Юри,
РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты сæрдар

НÆ РЕСПУБЛИКÆЙЫ ИСТОРИЙЫ 1923 АЗЫ, 14 МАРТЪИЙЫ, ÆРЦЫД АХСДЖИАГ ЦАУ — РУХС ФЕДТА ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"-Ы ФЫЦЦАГ НОМЫР.

Уый 100 азы дæргъы ирон культурæмæ ахадгæ бавæрæн хæссы. Рæстæг цæуы, фæлтæртæ ивынц, фæлæ æнæивгæйæ баззадысты æгъдæуттыл æнувыддзинад, литертурон ирон æвзаджы æнаипдзинад, кæсджыты æууæнк æмæ рæстæгимæ æмдзу кæнын.

Газет "Рæстдзинад"-ы коллективæн арфæ кæнын йæ юбилейы тыххæй, уæлдай бузныг уын Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты журналистикæйы факультетимæ æмгуыстады тыххæй.

Уæ къухы æфтæнт сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ, раст равг, сабырдзинад æмæ фарнæй хайджын ут!

ХÆБÆЛАТЫ Фатимæ,
Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты декан

Ирон адæмы азфыссæг

(Райдайæн 1 фарсыл)

***

Æмæ "Рæстдзинад" йæ тыхы куы бацыд, йæ размæ ноджы стырдæр æмæ вазыгджындæр хæстæ куы æрæвæрдта, ахуыргонд, курдиатджын æвзыгъд фæлтæр дзы кусын куы райдыдта, уæд æрбайхъуыст фыдохы хъæр — фыдызнаг æрбалæбурдта нæ Райгуырæн бæстæмæ.

Йæ кусджытæ лæгæвзæрстæй ацыдысты цыфыддæр знаджы ныхмæ тохмæ. Уыцы тугкалæн хæсты Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау редакцийы кусджытæй хъæбатырæй фæмард фынддæс цæрынхъуаг лæппуйы: **Æлборты Саукуыдз, Дыдарты Владимир, Бокоты Антон, Фæрниаты Зауырбег, Моргуаты Аликсандр, Едзиты Цини, Хъамбердиаты Хъасболат, Хъуылаты Ладемыр, Дзебойты Хазби, Фидараты Георги, Хъуыргъосты Иван, Суджаты Георги, Дзæхаты Темырхъан, Гусаты Никъала, Хъесаты Солтан.**

"Рæстдзинад" дæр йæхи равдыста æнæфæцудгæ, æхсарджын æмæ хъæбатыр хæстонæй. Дардыл хъуысти йæ нæргæ хъæлæс: сидти тохмæ, адæмты разæнгард кодта знаджы ныддæрæн кæнынмæ, фронты чъылдым фидар кæнынмæ, парахат кодта дзыллон-патриотон хъомылад, сæрыстыр уыд нæ хæстон хъæбатырты сгуыхтдзинæдтæй, цин кодта æмæ зарыд Уæлахизы кадыл.

Хæсты азты газет йæ фæрстыл мыхуыр кодта тохы быдырæй æрвыст фыстæджытæ, хæстон фысджыты æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, уацтæ, сидтытæ.

***

Хæстæй уæлахизимæ сыздæхтысты æмæ æфсæддон цинелты сæ уарзон газеты разæнгардæй кусын райдыдтой **Цырыхаты Михал, Бутаты Тотырбег, Дзугаты Барис, Хуытъинаты Махарбег, Саукуйты Иссæ, Тегаты Сулейман, Федор Мамонтов, Томайты Дзантемыр, Дзугаты Савели, Андиаты Мæхæмæт, Айдарты Хъамболат, Бæдоаты Алисолтан, Хуытъинаты Дæдæгка, Хъуылаты Чермен, Джыккайты Федя, Баситы Михал.**

Æмæ уæд газет йе 'ппæт тыхтæ дæр сарæзта пырхгонд адæмон хæдзарад йæ къахыл слæууын кæнынмæ. Æрлæууыд та ног историон ивддзинæдты, цауты раззагдæрты рæнхъыты. Уыдис, цардмæ ногдзинæдтæ чи хаста, хъазуатонæй чи куыста, адæмы хорздзинадыл разæнгардæй чи архайдта, уыдонимæ.

***

Уæлæнгай цæстæй никуы каст "Рæстдзинад" йæ адæмы хъысмæтмæ. Йæ равзæрдæй фæстæмæ цыдис цардæн йæ гуылфæнты, йæ æрфыты: фыста Ирыстоны базырджын азты истори, куыд у, дзимæ æнгомдзæр æрбалæвуой, къæрцхъусдæр уой ацы фæлдурæдждæн заман, ирон адæмæн фыдбылыз чи хæссы, уыдонмæ. Уыцы куысты сын хорз æххуыс кæнынц Ветеранты республикон совет, ХъСТО-йы Цæгат Ирыстоны хайады разамынд.

***

Фæстаг азты ирон адæмы хæдбардзинады химбарынады цы рæстмæ ивддзинæдтæ 'рцыд, уыдон хорзæрдæм æнæфæзынгæ нæ фесты газеты куыстыл. Ирыстон ссис хæдбар республикæ, ирон æвзаг нæм ссис паддзахадон æвзаг. Ирон адæмы хъысмæтыл, нæ мадæлон æвзагыл стыр мæтимæ ныхас цæуы "Рæстдзинад"-ы алы номыры дæр. Къуырцдзæвæнæй рацæуынæн фæндæттæ æмæ гæнæнтæ амынд цæуынц газеты æрмæджыты.

Фидарæй зæгъæн ис: "Рæстдзинад" у нæ ирон национ культурæйы ахсджиагдæр цæджындзтæй иу, йæ артдзæст, йе 'мкусæг. Æмæ йæ уыцы фарны фæндагмæ ракодтой, цы бирæ курдиатджын лæгтæ дзы куыста, уыдон. Уыцы фарны фæндагмæ йæ ракодтой йæ редактортæ **Гæдиаты Цомахъ, Барахъты Гино, Къосыраты Сæрмæт, Бæдоаты Хъазыбег, Челæхсаты Аслæнджери, Æгъуызарты Æхсарбег, Хъаныхъуаты Валодя** æмæ **Хъесаты Валодя.**

***

Хорз бынтæ, хорз æгъдæуттæ ныууагътой редакцийы раздæры фæлтæртæ. Хорз куысты фæтк, хорз зондамонджытæ. Скодтой **Томайты Дзантемыр, Тыджыты Юри, Гуыбаты Чермен, Зыгъуытаты Руслан, Ælборты Хетæг, Мылыхуаты Заретæ, Тепсыхъоты Зоя, Цъебойты Сергей, Хъесаты Валодя, Хъуысаты Барис, Бæройты Сафар, Цомайты Ростислав, Малиты Хасан, Багаты Аврам, Мамсыраты Мурат** æмæ иннæтæ. Адон иууылдæр фæд-фæдыл ацыдысты ацы дунейæ. Рухсаг уæнт!

***

"Рæстдзинад"-ы куыст бирæ ахадгæдæр æмæ хъæздыгдæр кæны нæ ахуыргæндты, нæ фысджыты æххуысæй. **Цыбырты Людвиджы, Мæхæмæтты Ахуырбеджы, Дзасохты Музафæры, Хуыгаты Сергейы, Тъехты Тамерланы, Кокайты Раман** æмæ иннæтæ. "Рæстдзинад"-ыл иузæрдион сты кæстæр фæлтæртæ дæр.

***

Газеты фæрстæй арæх райхъуысы рæзгæ фæлтæрты уæндон хъæлæс. Уыдон газеты мидисмæ хæссынц ногдзинæдтæ, царды уалдзæджы комулæфт. Сæ фыст æрмæджытæ: уацхъуыдтæ, уацтæ, радзырдтæ, новеллæтæ, æмдзæвгæтæ мыхуыргонд цæуынц, редакци сын цы сæрмагонд газет "Нæ Иры фæсивæд", хицæн спортивон фарс "Зилахар" æмæ кæстæрты къуым "Малусæг" байгом кодта, уым.

Арфæйаг куыст бакодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет, журналистикæйы факультет кæй байгом кодта, уымæй. Чи дзы ахуыр кæны, уыдонæй бирæты мыггæгтæ арæх вæййынц газеты фæрстыл. Уыдон нæ, фæлæ ма скъоладзауты фыст æрмæджытæ дæр.

***

"Рæстдзинад" бастдзинæдтæ дары, Уæрæсейы Федерацийы, раздæры советон республикæтæ æмæ суанг, дард фæсарæйнаг бæстæты алы рæтты цы ирæттæ цæры, уыдонимæ дæр. Уацхъуыдтæ йæм фыстой æмæ фыссынц Мæскуыйæ, Бетъырбухæй, Стъараполæй, Хъæрæсейæ, Краснодарæй, Туркæй, Францæй, Англис æмæ Аргентинæйæ дæр.

***

"Рæстдзинад" архайы рæстæгимæ æмдзу кæныныл. Парахатæй æмæ æнцонæмбарæн æвзагæй æвдисы царды ивддзинæдтæ, наукæ æмæ техникæйы ногдзинæдтæ. Æргом кæны, размæ цæуыны, рæзгæ фæлтæры хъомылады нæ цы цæлхдуртæ, ног фæзындтытæ хъыгдарынц, уыдон.

***

"Рæстдзинад"-ы кусджытæ разæнгардæй архайынц: цæмæй газеты æрмæджытæ адæмы зæрдæты гуырын кæной ныфс æмæ хорз ракæнынмæ хъæппæрисы æнкъарæнтæ.

Цæмæй уыдон, сæ хъару æмæ зонд цас амоны, уый бæрц ахъаз кæной Ирыстоны дарддæры рæзтæн.

Цæмæй ирдæй æвдисой куыстуарзаг æмæ рæстаг ирон адæмы намыс, хъæбатырдзинад, уæздандзинад æмæ хæларзæрдæйы уаг, сæ сæрыстырдзинад.

Цæмæй газет уа адæмы æцæг иугæнæг "арфæйы дзырд".

Цæмæй алы адæймагмæ дæр æвзæрын кæна уды сыгъдæг æнкъарæнтæ.

Цæмæй алы ирон дæр йæ мадæлон æвзагыл зона кæсын æмæ фыссын.

Цæмæй ирон æвзагæн уа фидæн, ирон дзырдæн ма уа тæссаг фесæфынæй.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Газеттæ "Рæстдзинад" æмæ "Советон Ирыстон"-ы (ныр "Хурзæрин"-ы) кусджыты фембæлд Къостайы райгуырæн хъæу Нары 1986 аз

Йæ номы аккаг у

Æз кæсын æмæ фыссын кæдæй базыдтон, уæдæй нырмæ алкæддæр зæрдиагæй аудын мæ уарзон ирон газет "Рæстдзинад"-ыл. Нæ хъæу Хъарманы мах сых бæзджын сых хуыдтой. Уыдонæй уæд афтæ зæгъын никæмæн хъуыдис, газет "Рæстдзинад" рафысс, зæгъгæ. Бирæ уыдыстæм сабитæ, бирæ уыдысты кардзыд адæм дæр. Уæд мæм афтæ касти, цыма не 'ппæт дæр хæстæг хионтæ стæм. Нæ уынг нын хъазæн фæз дæр уыд, культурæйы артдзæст дæр.

Фылдæр мæ зæрдыл бадардтон, хистæртæ-иу колхозы правленийы раз куы æрæмбырд сты, уый. Таурæгътæ, хабæрттæ-иу кодтой. Стæй та-иу радыгай кастысты хъæрæй газет "Рæстдзинад". Газетæн стыр дамгъæтæй уыд йæ ном фыст. Уый мæнмæ цыдæр нывæфтыд каст, цыдæр рæсугъд.

Тынг диссаг мæм кастысты газеты хуызистытæ. Уæлдайдæр таиу дзы адæм ирон уæлæдарæсы куы уыдысты, уæд. Цалдæр хатты дзы уыд нæхи хъæуккаг Цæрукъаты Аликсандрæн, цавæрдæр ролы хъазгæйæ, йæ хуызист. Уый мæ бынтон уæларвмæ систа. Фæстагмæ скъолайы кæсын, фыссын куы базыдтон, уæд та, Хуыцау хорз ракодта, æмæ нын уыд диссаджы ахуыргæнæг Баскаты Мария. Уый нæ афтæ разæнгард кодта ирон æвзагмæ, ирон литературæмæ, театрмæ, æмæ диссаг. "Рæстдзинад" нын-иу арæх каст. Фæстагмæ йæ нæхæдæг дæр кæсын райдыдтам скъолайы библиотекæйы. Алы хæдзар рафысса газет, ахæм уавæртæ нæ уыд.

Рæстæг цыд. Æфсады куы уыдтæн, уæд-иу мæм постæй "Рæстдзинад" æрхæццæ.

Фæстæдæр, Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ дæр, æнæ "Рæстдзинад" никуы уыдтæн. Ныр æй æрвылаз кæй рафыссын, уыл нæ дзурдзыстæм. Фыссын æй кæмæн ракæнын кодтон, уыдоны нымæц дæр гыццыл нæу.

Иу хатт та, посты мæ разæй чи лæууыд, уый газеттæ æмæ журналтæ фыссы бирæ нымæцæй, газет "Рæстдзинад" æмæ нæ ирон журналты кой та не скодта. Хорз лæг, зæгъын, ироны хуызæн куы дæ, уæд ирон журналтæ æмæ газеттæ цæуылнæ рафыссыс? Цыдæр ныхæстæ нæм рауад, фæлæ Хуыцау хорз, æмæ фæстагмæ загъта: "Цæй, базонгæ уæм, бауырнын мæ кодтай, уый хъæугæ хъуыддаг у."

Иу рæстæджы "Рæстдзинад"-ы кæрæй-кæроннмæ æппæт уацхъуыдтæ нал кастæн, афтæ-иу сыл уæлæнгай мæ цæст ахастон.

Уæд хъуыддаг афтæ рауад, æмæ базонгæ дæн Куырттаты комы лæцыхъæуккаг Уыртаты Еленæимæ, Дулаты Хъасайы бинонтæ. Диссаджы хæларзæрдæ, кæрдзындæттон, æфсармджын адæймаг разынд. Бынтон дисы мæ бафтыдта, куыд лæмбынæг æмæ зæрдиагæй кастис "Рæстдзинад" æмæ ирон чингуытæ. Куы-иу бацыдтæн Лæцмæ, уæд-иу мæ "Рæстдзинад"-ы алы уацхъуыды тыххæй дæр фарста: куыд мæм фæкаст, йæ авторимæ зонгæ дæн æви нæ...

Цы гæнæн ма мын уыд, "Рæстдзинад" та йæ райдайæнæй йæ кæронмæ кæсын райдыдтон.

Стыр бузныг дæн "Рæстдзинад"-æй. Раст цыма мæ хистæр æрвад, мæ хистæр зондамонæг у, афтæ йæ мæхицæн нымайын. Йæ ном дæр мын уæлдай адджын у, раст мæ цыма рæстдзинады фæндагæй фæцудын нæ уадзы, æмæ йын йæ 90 азы юбилейы фæдыл кæнын зæрдиаг арфæтæ.

Ныр, Нывгæнджыты цæдисы уæнг уæвгæйæ, цал æмæ цал хатты вæййын бузныг "Рæстдзинад"-æй. Нæ нывгæнджыты куыстытæ нын адæммæ ды хæццæ кæныс, æмæ дæ уый тыххæй уæлдай бузныг стæм. Ды дæ ирон адæмы айдæн, нæ тырыса æмæ ма нын бирæ азты нæ ирон фарн размæ хæсс, нæ уарзон газет "Рæстдзинад"!

ДЗБОЙТЫ Михал,
Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт æмæ нæ республикæйы адæмон нывгæнæг,
Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат

Æнцон ын никуы уыд

Ис ахæм куырыхон зондамынд, æмæ, дам, æцæг рæсугъд царды диссаджы суадоны хуызæн арф æмæ зын ран æмбæхст у. Нæй йæм æнцонтæй фæндаг ссарæн. Царды йæхи фæндаг ссарын æмæ дзыллæтæм Къостайы фарны дзырд хæссын дæргъвæтин азты æнцон нæу. Фæлæ "Рæстдзинад" йæ фыццаг фæзындæй фæстæмæ уыдис адæмон. Уымæн кæддæриддæр йæ сæйраг фарста уыд адæмыл аудын æмæ дард хæххон цъассытæм дæр рæстдзинад хæссын.

Æз мæхæдæг хæххон хъæу Джеры райгуырдтæн. Ам схъомыл дæн, ам фæкуыстон райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй. Бирæ сабиты абалц кодтон Абеты арфæйаг фæндагыл. Мæ царды æмæ мын мæ куысты кæддæриддæр стыр æххуыс уыдысты чингуытæ æмæ газеттæ. Мыхуыры продукцийæ уæлдай æнувыддæр уыдтæн "Рæстдзинад"-ыл. Стыр æхсызгондзинад мын хаста йæ алы номыр дæр. Нæ хъæу зынвадат ран у. Фæлæ-иу уæддæр къуыри дыууæ хатты "Рæстдзинад" сæмбæлд йæ кæсджытыл.

Канд мæнæн нæ, фæлæ мæ алфамбылай чи уыдис, уыдоны зæрдæмæ дæр тынг цыдис Ирыстоны иудзинадыл, ирон адæмы фарныл, ирон æвзаджы ахадындзинадыл газет фидарæй кæй дзуры, уый тыххæй.

Нæ уарзон газетыл сæххæст 80 азы. Уыцы дæргъвæтин азты асинтыл цæугæйæ, уымæн никуы уыд æнцон дуг, фæлæ уый, зындзинæдты сæрты хизгæйæ, мингай кæсджытæн ардта ныфсы хос. Амыдта раст фæндаг мигътæй, бырынцъаг фæндагæй рахизынæн.

Уадз æмæ Къостайы Ирыстон уа иу хъуыдыйыл хæст, уыцы хъуыды та хъуамæ уа æрмæстдæр нæ иудзинад.

Нæ хæххон хъæуы цæрджытæ къаддæрæй-къаддæр кæнынц. Афтæмæй та нæ хъæу кæддæр нæргæ уыдис. Абон æдзæрæг уæзгуыты уынджæй зæрдæ нык-кæрзы. Ех, тæхуды æмæ ма нæ хуымтæ æмæ уыгæрдæнтæй куы райхъуысид зиууæтты хъæлдзæг зард. Нæ хъæуæй бирæ фæллойуарзаг адæм рацыд. Æрмæст "Рæстдзинад"-ы редакцийы дæр нæ хъæуккæгтæй куыстой æмæ кусынц æртæ адæймаджы. Гъе, уый тыххæй джерæгтæ уæлдай бузныг сты Ирыстоны иугæнæг уарзон газетæй.

"Рæстдзинад"-ы кусджытæн æмæ, газеты хорздзинад кæй фæнды, уыдонæн нæхи Джеры дзуар æххуыс кæнæд. Цæр, уæлахиз кæн зындзинæдтыл, нæхи "Рæстдзинад"!

БЕКЪОЙТЫ Разиат,
Хуссар Ирыстон

Нæ цырагъдар, нæ дуджы айдæн

Юбилейон фембæлд

Сæдæ азты дидинæг калæд "Рæстдзинад"!

Дзæуджыхъæуы Центрон библиотекæйы уыдис фембæлд "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæн газеткæсджытимæ. Куыд зонæм, афтæмæй газеты фыццаг номыры рауагъдыл ацы аз 14 мартъийы сæххæст 100 азы, æмæ уый фæлгæты фембæлдмæ æрбацыдысты Ирыстоны интеллигенци, ахуыргæнджытæ, ахуырдзаутæ æмæ газеты уацхæсджытæ.

Фембæлд байгом кодта æмæ æгасцуай загъта бæрæгбоны уазджытæн РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, кæсæндоны бæстæзонæн хайады сæргълæууæг **Мурасты Риммæ**:

— "Рæстдзинад"-ы фыццаг номыры рацыд ирон адæмæн уыд хъызт зымæджы фæстæ малусæджы фæзындау. Фарн æмæ радимæ хæссы царды ныфс æмæ фыдæлты фарн.

"Рæстдзинад" райгуырд ирон дзырдаивады фарнæн. Йæ фæндаг мыхуыры лæгъз никуы уыд. Хистæр фæлтæры традицитæ, нæ фыдæлты фарны дзырд, æгъдæуттæ, культурæ, йæ рæстад ныхасæй "Рæстдзинад" хъомысджын æххуыс хаста æмæ абон дæр хæссы ирон газеткæсæгæн.

Ирыстоны кадджын интеллигенцийы минæвæртты хуыздæртæ, газеты бындурæвæрджытæ цы мидис æвæрдтой "Рæстдзинад"-ы, уый газеты абоны сфæлдыстадон коллектив, журналисттæ, уацхæсджытæ бæрзонд профессион æгъдауæй, нуарджын ирон æвзаджы фæрцы, комкоммæ ныхасæй æрвылбон хæссынц газеткæсæгмæ, æмæ дзы уый тыххæй Иры дзыллæтæ сты арфæйаг.

"Рæстдзинад" цардимæ кæны æмдзу, газетæн ис йæхи æвзаг, йæхи хъæлæс, йæхи над фæндаг, йæхи цæсгом. Алы ирон хæдзармæ дæр у ныфс æмæ фарны хабæрттæ хæссæг.

Редакцийы кусджытæ сты газеты цæсгом. Абон нæ кадджын уазджыты 'хсæн — газеты сæйраг редактор Хозиты Барис, редакцийы кусджытæ, йæ уацхæсджытæ, газеткæсджытæ, æмæ уын зæгъæм бузныг.

Уый фæстæ Риммæ ныхасы бар радта газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барисæн**. Уый бæлвырддæр æй радзырдта газеты истори æмæ йæ редакторты тыххæй. Газет цы рæстæджыты цыд йæ райдайæнæй абоны онг, чи йын уыдысты сæйраг редактортæ, цы фæлтæрдджын адæм дзы куыстой, уыдонæн се 'ппæты тыххæй дæр скодта стыр афæлгæст: газеты мидис, йæ ахъаз азæй-азмæ ирон адæмæн, газеткæсджытæн цы æххуыс лæвæрдта, стæй дзы хъæппæрисджын æмæ дысфæлдæхтæй чи куыста, уыдоны тыххæй дæр. Газеты цы фæлтæртæ куыста хистæрæй-кæстæрмæ, уыдон иууылдæр уыдысты курдиатджын. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд æппæт хæстонæй царды хал аскъуыд, фæлæ се сфæлдыстадон бынтæ цырагъдарæй хиздзысты азты сæрты ирон дзырды фарнæн.

Барис ма радзырдта раздæры бæрнон редакторты фæзминаг æмæ фæлтæрдджын куысты тыххæй, кæстæртæм куыд лæвæрдтой сæ куысты фæлтæрддзинад, æмæ уый абон дæр ма кæй у стыр скъола студенттæн, стæй алы ахуырадон скъолаты ахуырдзау фæсивæдæн. Алы рæстæджыты цы редактортæ куыста, уыдонæй уæлдай фылдæр æрлæууыд **Хъаныхъуаты Валодя, Хъесаты Валодя** æмæ **Фидараты Булаты** алы азты архайд æмæ куыстыл.

Æмбырды ма раныхас кодтой газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор **Битарты Маринæ**, журнал Мах дуг"-ы сæйраг редактор **Хетæгкаты Оксанæ**, зындгонд журналист **Баскаты Уырызмæг,** газеты æхсæнадон уацхæсджытæ **Мамиаты Таймураз, Хæмыцаты Раман, Токты Владимир, Лалыты Левæ** æмæ ма уазджытæй бирæтæ.

Фембæлды кæронбæттæны арфæ ракодтой, изæрмæ цы æрыгон фæлтæр æрбацыд, уыдонæн, стæй уазджытæн се 'ппæтæн дæр. "Рæстдзинад"-ы цæрайæн сæ алкæй къухы дæр бафтæд фылдæр æнтыстдзинæдтæ!

"Рæстдзинад"-ы тыххæй дзурынц

"РÆСТДЗИНАД" ЦÆРÆД ÆНУСТÆМ!

Алы адæмы царды дæр вæййы, ферох кæнæн кæмæн нæй, дзыллæты зæрдæты æнустæм чи баззайы, ахæм цаутæ. Фондзыссæдз азы размæ ахæм цау æрцыд ирон адæмы царды дæр. Ирыстоны разагъды лæгтæ — Гæдиаты Цомахь, Гулуты Андрей, Къосираты Сæрмæт, Брытъиаты Цæра æмæ иннæтæ бирæ фæхъуыды кодтой, ног царды рухсмæ фæндагыл тоххъом æмбал æмæ ныфсы цырагъдар нын цы уа, зæгъгæ, ууыл, æмæ уынаффæ рахастой ирон адæмæн сæхи нæртон æвзагыл газет рауадзыны тыххæй. Зын хъуыддаг уыдис уый, фæлæ дардмæуынаг æмæ куырыхон адæм æмбæрстой уыцы уынаффæйы ахсджиагдзинад æмæ иумæйаг хъарутæй сарæзтой ирон газет. "Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд", зæгъгæ, цытджын Къостайы уыцы стыр бæллиц цæмæй сæххæст уа, уымæн ахъаззаджы æххуыс фæцис газет "Рæстдзинад", уый ссис ирон адæмы иугæнæг зонд æмæ хъару, нæ литературæ æмæ аивады сыгъдæг кувæндон, не 'взаджы æнæхæлгæ мæсыг æмæ нæ хæдбындур культурæйы авдæн.

1923 азы 14 мартъийæ фæстæмæ газет "Рæстдзинад" нал фæхицæн ирон адæймаджы цардæй. Уый нæ, фæлæ йæм ирон дзыллæтæ хохæй-быдырæй ивæзтой сæхи, йемæ бастой æмæ бæттынц сæ сагъæстæ æмæ бæллицтæ, уымæн дзурынц сæ тыхстытæ æмæ зындзинæдтæ, йемæ дих кæнынц сæ рыст æмæ сæ циндзинад. Газет уæндон æмæ ныфсджынæй цыд ног царды гуылфæнты, дзыллæты разæнгард кодта фæллой æмæ ахуырмæ, цин кодта ирон литературæ æмæ культурæйы æнтыстытыл, адæмон хæдзарады уæлахизтыл. Газет цард æмæ цæры нæргæ рæстæг, никуы фæкъаддæр йæ ахадындзинад Ирыстоны бирæнацион адæмы хъысмæты.

Фондзыссæдз азмæ "Рæстдзинад" ацыд зын æмæ вазыгджын фæндагыл. Газет ныффæрæзта рæстæджы æгъатыр цæлхъытæн, фæлæ нæ фесæфта йæ цæсгом æмæ йæ хæдбындурдзинад, ссис æцæг адæмон газет. Кæддæриддæр йæ хæсыл нымадта æмæ нымайы национ фидыдыл, Ирыстоны адæмы иудзинадыл æмæ фарныл тох.

"Рæстдзинад"-ы къæсæрæй бирæ зындгонд фысджытæ æмæ журналисттæ рацыд. Уыдон уæхскуæзæй фыдæбон кодтой ирон дзырды фарн адæммæ сыгъдæгæй хæссыныл. Уыцы рæсугъд традицитæ æмæ æгъдæуттæ дарддæр хæццæ кæны газеты абоны журналистгы фæлтæр. Адæмæн æрмæстдæр рæстдзинад дзурын — уый у сæ тырыса, æмæ йæ кæддæриддæр бæрзонд хæссæнт.

Хорз хъæппæрис — арфæйаг хъуыддаг. Газеты 80 азы юбилеймæ цы чиныг рацыд, уый уыд "Рæстдзинад"-ы журналисты зæрдиаг лæвар газеткæсджытæн, æппæт ирон адæмæн. Уырны мæ, газет æмæ йæ кæсджыты кæрæдзимæ тынгдæр кæй æрбангом кæндзæн, ирон литературæ æмæ журналистикæйы рæзтæн стыр ахъаз кæй фæуыдзæн, не 'взаг бахъахъхъæныны хъуыддаджы йæ ахадындзинад ноджы егъаудæр кæй уыдзæн, уый.

Цæр, "Рæстдзинад", æнустæм æмæ домбайæ-домбайдæр кæн!

ДЗАСОХТЫ Алыксандр,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы раздæры Президент

УАРЗТА ИРОН ФАРН, ИРОН ДЗЫРД

Газет "Рæстдзинад"-ы 100 азы юбилей бæрæг кæныны бонты мæ фæнды, йæ уды бæрц æй чи уарзта, æдзух æм æхсызгонæй чи æнхъæлмæ каст, ахæм адæймаджы тыххæй иу-дыууæ ныхасы зæгъын. Уый уыдис (Хъæдгæроны ма цардыстæм) мæ сыхаг Дзанайты Ладе. Райгуырдис 1906 азы, æмæ кæд мæнæй хистæр уыдис, уæддæр цардыстæм хæлар æмæ уарзонæй. Ахуырад æм кæд бирæ нæ уыд, уæддæр уарзта кæсын. Ахæм рæсугъд къухфыст ын уыдис, æмæ йæм бирæ ахуыргæндтæ хæлæг кодтой. Æрдзæй та фæци курдиатджын, цыргъзонд æмæ хъæлдзæг адæймаг.

Ахæм рæсугъд æмæ йын зæллангæнаг хъæлæс уыди, æмæ-иу куы ныззарыд, уæд æм адæм хъусынæй не 'фсæстысты. Зарджытæ та зыдта тынг бирæ. Уæлдай фылдæр уарзта "Слонаты Софиа"-йы зарæг.

Фæлæ æнæ "Рæстдзинад" цæрын нæ фæрæзта. Нæ сыхы лæгтæ-иу тигъыл арæх лæууыдысты, уæлдайдæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæйы азты, æмæ-иу Ладе, "Рæстдзинад" йæ къухы, афтæмæй рацыд æмæ хъæрæй, цæмæй йæ иууылдæр хъусой, касти, цы ног хабæрттæ æмæ цаутæ дзы уыд, уыдон. Адæм ыл сахуыр сты, æмæ-иу куы нæ зынд, уæд æм-иу кæстæртæй искæй барвыстой. Нæ сыхы Ладемæ ræсгæ "Рæстдзинад" чи нæ рафыста, ахæм хæдзæрттæ бирæ нæ уыд.

Мæ зæрдыл ма абон дæр лæууы, иу райсом раджы нæ постхæссæг Чъерджиаты Дыбылга лæууыд нæ тигъыл, йæ хызын йе уæхскыл, газет "Рæстдзинад" йæ къухы, афтæмæй. Ладе сæ дуарæй ракаст æмæ Дыбылгайы куы ауыдта, уæд йæ цурмæ æрбацыд æмæ йæ фæрсы: "Дыбылга, цы ног хабæрттæ фыссынц "Рæстдзинад"-ы?" Дыбылга йæхимидæг бахъуыр-хъуыр кодта æмæ йæм газет бадардта. Дæхæдæг, дам, æм æркæс, цы бæллæх æрцыд æфсæнвæндаджы поездыл, уымæ. Газеты та уыд æфсæнвæндæгты бæрæгбоны тыххæй уацхъуыд æмæ поезды эшелоны хуызист. Ладемæ газет радта, поездæн йæ цæлхытæ уæлæрдæм, афтæмæй. Йæхæдæг æм дзуры: "Ахæм ма дзы бæллæх æрцæугæ уыдзæни, æнæхъæн поездæн йæ цæлхытæ фæуæлгоммæ уæнт!"

Ладе газет куы райста, уæд зæрдиаг худт ныккодта æмæ постхæссæгмæ дзуры: "Дыбылга, абон æфсæнвæндаджы кусджыты бæрæгбон у, ды та сын сæ поезд афæлдæхтай. Æркæс-ма, газет мæм кæцырдæм радтай, уымæ". Дыбылгайыл дæр худæг бахæцыд, йæ хызыныл уæлдæр схæцыд æмæ уынджы дæлæмæ фæраст.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ Ладе нæ сыхы цæрджытæн хистæрæй-кæстæрæй газет "Рæстдзинад" бауарзын æмæ рафыссын кодта.

Ладе куы марди, уæд йæ цуры уыдыстæм се 'рвадæлты лæг Габо æмæ æз. Иу рæстæг мæм йæ цæсгом раздæхта æмæ мæ фæрсы: "Абоны "Рæстдзинад" дæм ис? Дæ хорзæхæй, ма фæзивæг кæн æмæ ма йæ æрбахæсс".

Æрбахастон ын газет æмæ йæм æй радтон. Райдайæнæй кæронмæ йыл йæ цæст ахаста. Фæстæмæ мæм æй радта, арф ныууæфыд æмæ йæ уд систа. Гъе, афтæ бирæ уарзта Ладе нæ царды айдæн — газет "Рæстдзинад".

Мæнæн дæр Дзанайты Ладе газет "Рæстдзинад" тынг бауарзын кодта. Фыссын æмæ йæ кæсын 1932 азæй фæстæмæ...

ЗАОЙТЫ Аслæнбег,
хæсты æмæ фæллойы ветеран

("Рæстдзинад"-ы архивæй)

Поэзийы уылæнтæ

АБАЙТЫ Эдуард

Ирон дзырды куырдадз

Дунейыл иу Рæстдзинад ис,
Æнæфæливгæ.
Нæ Иры иу "Рæстдзинад" ис,
Æнæ сæривгæ.

Мæ дæндаг рафтыдтон æз ам,
Бынтон æсурс дæн,
Зæрондæй ногдæр кæн ды та,
Цæр нын æнустæм!

Æз дæр дæ цæрайæ цæрын
Æмæ цæрдзынæн,
Дæ зынгтыл фу-фу дын кæнын
Æмæ кæндзынæн...

Фæлтæры ивдзæни фæлтæр,
Куыд ивта раздæр.
Куы уой нæ кæстæртæ хуыздæр, —
Цæудзæн цард размæ...

Ам ис ирон дзырды куырдадз,
Куырдтæ та мах стæм.
Куыд уæм нæ адæмæн æвдадз
Фæрнджын ныхасæй...

"Рæстдзинад" алкæйы къæсæр
Æрвылбон хойæд,
Куыд æй уа мин азы кæсæг
Æрмæст йæ койæ!..

Дунейыл иу Рæстдзинад ис
Æнæ фæливгæ.
"Рæстдзинад", уый тырыса сис,
Æнæ сæривгæ!..

МÆРГЪИТЫ-ДУДАЙТЫ Фатимæ

"Рæстдзинад"-ы бæрæгбонмæ

Цы дзырдимæ схъомыл дæн мæ царды,
Мæ удæн рагæй чи уыдис цæдис,
Куыд хъуамæ уа уый ацы дуджы тарды,
Кæд æмæ уый — нæ бон æмæ нæ ис.

"Рæстдзинад" уыд рæстыл тохгæнæг рагæй,
Фыдзаманты, сырх пиллон арт куы сыгъд.
Рæстылдзурæг-иу агуырдтой ныхсдарæй,
Бæхджын барæг-иу комбæстыл æрзылд.

Фæци æвæрд дыууæ тæразыл абон,
Мæнгард æмæ рæстдзинадæн сæ кад.
Ысуыдзынæн дæргъвæтин цæджы радон,
"Рæстдзинад" нын уыдзæн æнæбын цад.

Кæд бафæллайон ленк кæнынæй, 'мбойны,
Цъæх уадтымыгъы байсæфа мæ фæд,
Зæрин дамгъæтæй суадздзынæн мæ дойны,
Рæстаг лæгæн "Рæстдзинад" у йæ кад.

ГÆДЖЫНОН-ХАБÆТЫ Риммæ

Мæ удлæууæн газет "Рæстдзинад"-æн

Мæ сабибонты цинхуызæй мæ фыды
"Рæстдзинад" кæсгæ алы бон уыдтон.
Кæй у зынаргъ нæ бинонтæн йæ хъуыды,
Æвзонгæй дæр уый арфæйау зыдтон.

Мæ уды йæ мысайнагау нывæрдтон,
Йæ хъуыдыты мæ цардвæндаг быдтон.
Фыдау дзы истон амынд æмæ рухс зонд,
Йæ рæстдзинад ын хастон æз бæрзонд.

Цы дзырдтæ ссарон абон æз дæ номыл?!
Ды аудыс æрвылбон дæр мæныл.
Кæстæртæн дæ куырыхон зонды фидар,
Фæлтæрты 'хсæн — ныфсæвæрæг бындар.

Æнусмæ хæсс ирон дзырды тырыса,
Дæ арф хъуыды æппæт бæстæм куыд хъуыса!
Нæ "Рæстдзинад" — нæртон адæмы удхос,
Дæ кад цырагъау удæй-удмæ хæсс!

БАЛАТЫ Альберт

Фæдисон

Нæ фæдисон, ирон газет "Рæстдзинад".
Уæхскуæзæй кусыс уаз дзырды сæрвæлтау.
Хæссыс нæ удтæн рухс уалдзæгау цинад,
Уæлмонц удæй æгас зæххы кæрæттæм...

Дæ цардвæндаг уæд Уастырджийы уазæг,
Кæнæд рæсугъддæр абонæй дæ фидæн!
Дæ цæсгомыл зæрин хуры тын хъазæд,
Дæ фарны дзырд уæлхох бæрзæндтæм сидæд!

Цæй ирон ис, дæу чи нæ уарзы, уымæй?
Йæхæдæг дæр, йæ фæдон дæр — мæгуыр.
Æнæ дæу цард æрвитиккам æрхуымæй,
Дæу фæрцы мах, цæрæццæгтæ — тыгуыр.

Æз дæр дæуыл мæ тугдадзинтæй баст дæн,
У мады рæвдыд, о, мæнæн дæ узæлд.
Æвдадз дæ ды мæ зæрдæйы рис, мастæн,
Æртæхы мæм дæ фæрцы маргъау, музæ...

Æмæ та фестын хурмæтындз мæ сæнтты,
Нæртон зарæг мæ уды арфæй стæхы.
Нæ Ирыстоны бафæдзæхсын зæдтыл,
Мæхи цæргæсау баппарын зынг бæхыл!..

ХУЫТЫГАТЫ Хъазыбег

Ирон зæххыл ды амонды хур тауыс...

Дæ райгуырæн бон амондыл нымайын,
Дæ номимæ ирондзинад бæттын.
Тæхуды, 'мæ йын царды хос куы уаин,
Уæд ын зæгъын: "Мæ уд дæр дын дæттын".
Нæ ирон зæххæн цины уалдзæг разын,
Æнустæй нын фыдæлты фарн æрхæсс.
Фыдыбæстæ зæрдæйы бынæй уарзын
Мæ рагбонты дæуæй базыдтон æз.
Ирон зæххыл ды амонды хур тауыс,
Бæрæг у ам дæ сыгъзæрин æвзар.
Бæрзонд хохæй бæрзонддæр у дæ намыс,
Дæ цинæй гуыры не уæнгты æхсар.
Цæр нын, уæдæ, нæ цæсты рухс "Рæстдзинад",
Бæрæг куыд дара дунейыл дæ фæд.
Æнусты нын куыд æвдисай лæгдзинад,
Рæствæндаг та дæ Уастырджи кæнæд!

Юбилей

Удварны хъомысад

Ирондзинады суадон

Фыццаджыдæр, "Рæстдзинад" у нæ адæмы иумæйаг æмæ сæйраг газет. Æмæ йын аргъ кæнын дæр хъæуы, куыд æхсæнадон фæзындæн. Йæ ахадындзинад Ирыстоны æппæт дзыллæтыл дæр фæзынди. Кæй зæгъын æй хъæуы, — мæныл дæр. Æз иу удæй ацы газетæй цы зонындзинæдтæ райстон, уыдонæн аккаг аргъ скæнын мæ бон уæвгæ дæр нæу.

Дыккаджы та уый зæгъинаг дæн, æмæ мæхи хъысмæт дæр "Рæстдзинад"-имæ æнгом баст кæй ‘рцыд. Мæн мæ хистæртæ чиныджы кæсын раджы сахуыр кодтой. Уæд скъоламæ нæма цыдтæн. Нæ сыхы зæронд лæгтæ-иу мæ арæх бацагуырдтой газет кæсынмæ (уыдон сæхæдæг æнахуыргонд уыдысты, газет кæсын нæ дзырдтой, фæлæ газеты фæрсын). Цæмæй кæсгæ-кæсын къуыхцытæ ма кодтаин, уый алдзæн-иу рагацау газеты æрмæг мæхæдæг бакастæн, уæлдайдæр та хæстытæ æмæ алыхуызон æрдзон фыдбылызты тыххæй.

Рæстæг рацыд, æмæ газетмæ фыссын райдыдтон. Раздæр, Æгъуызарты Æхсарбег æмæ Дзугаты Барисы фæдзæхстытæ æххæст кæнгæйæ, фæстæдæр та — мæхи темæтыл "Рæстдзинад"-ы рацыдысты мæ уацтæ, рецензитæ, радзырдтæ æмæ æндæр фыстытæ. Исты зæгъинаг мæм куы вæййы, уæд æй, фыццаджы-фыццагдæр, радзурын "Рæстдзинад"-ы кæсджытæн. Æз газетмæ фыстон Швеци, Франц, Англис, Мангол, Инди, Бразили æмæ æндæр рæттæй.

Æртыккаг та уый у, æмæ лæгæй-лæгмæ базонгæ дæн "Рæстдзинад"-ы кусджыты цалдæр фæлтæримæ. Уыдис дзы æмæ ис бирæ æцæг курдиатджын журналисттæ. Уыдонæй иутæ не 'хсæн нал сты, иннæтæ пенсийы ацыдысты, æртыккæгтæ абон дæр кæнынц иттæг ахсджиаг куыст. Алчидæр сæ халы хай бахаста ирон адæмы цардмæ, йæ зондахастмæ. Мах сæ мыггагмæ бузныг уыдзыстæм.

Гъе ‘ппæт уыдæтты тыххæй мæнæн "Рæстдзинад" у мæ тæккæ уарзондæр газет. Искуы дард балцы куы вæййын, уæд мын ме ссыдмæ, стыр хæзнайау, бавæрынц "Рæстдзинад"-ы æппæт номыртæ. Ныр дæр та йæ фыццагтимæ рафыстон.

Фæлæ ма мæ дарддæр цы зæгъын фæнды? "Рæстдзинад" æз рафыстон, уый диссаг нæу. Диссаг уый уаид, æмæ йæ алы ирон бинонтæ дæр, стæй канд уыдон нæ, куы рафыссиккой. Уымæн та гæнæн ис уæд, æмæ алчидæр йæ мадæлон æвзагыл иузæрдион куыд уа, алкæмæн дæр йæ мадæлон æвзаг, мады æхсырау, адджын куы уа. Адæймагæн йæ мадæлон æвзаг, у йæ цард, йе сулæфт, йæ зонд, йæ бæллицтæ. Æнæ æвзаг нæй адæм, нацийæн нæй истори. Уый хъуамæ алчидæр æнкъара зæрдæйæ, удæй.

Ацы аз февралы РЦИ-Аланийы Президент Дзасохты Аликсандры Указæй нысангонд æрцыд Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон. Республикæйы цæрджытæ йыл сæмбæлдысты стыр æхсызгонæй æмæ йæ Указы амынд бон — 15 майы цинимæ сбæрæг кодтой. Уыцы бæрæгбон ууыл дзурæг у, æмæ Хицауад ирон æвзаг æмæ литературæйы, ирон аивад æмæ мыхуыры рæзтмæ йе 'ргом кæй аздæхта. Цæй æмæ йæм не 'ппæт дæр раздахæм не 'ргом. Ацы бонты адæмон газет "Рæстдзинад" чи рафыса, уый фыццаг къахдзæф акæндзæн уыцы ахсджиаг хъуыддаджы, йæ иузæрдиондзинад равдисдзæн йæ мадæлон æвзагмæ.

ГУЫРИАТЫ Тамерлан,
профессор

Не 'ххуысгæнæг, нæ зондамонæг

Нæ университеты фылдæр ахуыр кæны хъæууон фæсивæд. "Рæстдзинад" та йæ алы номыры дæр уæрæх æмæ парахатæй æвдисы хъæууон цард, йæ фæрцы хæстæгдæр зонгæ кæнæм хъæууон хæдзарады къабæзты кусæг адæмы æнтыстдзинæдтимæ, газеты фæрцы базонæм, куыд рæзы нæ экономикæ, хæдзарæдты специалисттæ æмæ фермертæ куыд пайда кæнынц агротехникон мадзæлттæй, нырыккон техникон фæрæзтæй æмæ бирæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæ.

Нæ ирон газеты тыххæй та цыбырæй зæгъдзынæн афтæ: "Рæстдзинад" у, мæнæ-иу раздæр нæ рагфыдæлтæ иу ранмæ кæдæм æрæмбырд сты æмæ-иу, иумæ сæ риссаг фарстатыл кæм дзырдтой, сæ дарддæры царды уавæртæ фæхуыздæр кæныныл кæм тæрхæттæ кодтой, ахæм стыр ныхас.

Уым алкæмæн дæр — ахуыргондæн, кусæгæн, хуымгæнæгæн, фосдарæгæн, политикæн, хæдзары æфсинæн — бар ис йæ хъуыдытæ, йæ сагъæстæ дзыллæйы раз барджынæй ракæнынæн.

"Рæстдзинад" у ирон адæмы хæзнадон, нæ мадæлон æвзаг нын сысын чи нæ уадзы, ахæм æвидигæ дзæм-дзæмы суадон.

Уыимæ, махæн, ахуыргæнджытæн, "Рæстдзинад" у æвæджиауы стыр æххуысгæнæг кæстæр фæлтæримæ хъомыладон куыст кæныны хъуыддаджы.

Уæдæ, ирон адæм, æмхуызонæй балæууæм нæ уарзон ирон газет "Рæстдзинад"-ы уæлхъус, бадарæм æм хионы къух æмæ йæ рафыссынмæ ма фæзивæг кæнæм.

БАСАТЫ Барис,
Хæххон аграрон университеты ректор,
экономикон наукæты доктор, профессор, Уæрæсейы Федерацийы
Аграрон ахуырады академийы академик

Царды рæстдзинад хæссæг

...“Рæстдзинад” алы ирон хæдзармæ дæр хаста æмæ хæссы рухсад, ахуырад, фарн. Йæ кæсджыты ахуыр кодта æмæ кæны царды иууыл стырдæр æмæ фæрнджындæр хъуыддагыл — рæстаг уæвыныл.

"Рæстдзинад" нæ алкæмæй фæраздæр: фыдæлтæй фæстæмæ кæмæ бæллæм — дыууæ Ирыстоны ногæй сиу кæнын, уый уымæн бафтыд йæ къухы, ирон адæмон газеты ном куы райста, уæдæй нырмæ у иу Ирыстоны иумæйаг мыхуыры фæрæз. Нæ фæстаг азты тыхст уавæрæй фæстæмæ йæ алы номыры дæр домбайæ дзуры Ирыстоны иумæйаг лыггæнинаг фарстатæ æмæ цинтыл. Адæммæ хæссы царды рæстдзинад.

ХЪАЗИТЫ Мелитон,
Ирыстоны Фысджыты цæдисы æмсæрдар

”Рæстдзинад” — адæмон газет

Афтæ куы зæгъон, æмæ газет "Рæстдзинад"-æн нæ республикæйы, нæ адæмы царды стыр ахадындзинад ис, уæд уымæй истори нæ байгом кæндзынæн. Æцæгæйдæр, афтæ у. Рагæй йæ кæсын. Бирæ цымыдисаг хабæрттæ дзы ссарын мæхицæн, куыд газеткæсæг, афтæ. Уый у коллективон фæллой, коллективон зонд. Уыимæ йыл канд йæ редакцийы коллектив нæ кусы, фæлæ адæм дæр, хъæууон æмæ горæтаг уацхæсджытæ. Адæмон газет хуымæтæджы нæ хуыйны. Уыцы номы аккаг у "Рæстдзинад".

Дæсгай азты фыссын æмæ кæсын ацы газет. Уый у нæ царды айдæн, нæ азфыссæг. Фæстаг азты йæ мидисæй дæр æмæ йæ æддаг бакастæй дæр кæй фендæрхуызон, уый бæлвырд у. 40 æмæ 50 азы размæйы газеттæм куы ‘ркæсæм, уæд йæ фæрстыл фендзыстæм æгæр бирæ официалон æрмæг, хуымæтæджы газеткæсджытæ кæсгæ дæр кæй нæ кодтой, ахæм. Уый хыгъд дзы арæх уыд бæстæйы разамонджыты къамтæ. Уæззау уыдис газеты ‘взаг. Бæллиццаг нæ уыд æддаг бакастæй дæр. Æвæццæгæн, æмæ типографийы техникон ифтонгад дæр лæмæгъ уыд. Ныры хуызæн мыхуыргæнæн машинæтæ æмæ сæм компьютертæ нæ уыдис.

Æмæ, кæд фæстаг азты нæ газет мидисæй дæр хъæздыгдæр у, æддаг бакастæй та — уынджындæр, куыд фæзæгъынц, товарон хуыз ын ис, уæддæр йæ тираж зæрдæвæндон нæ фылдæр кæны. Уый уымæн афтæ у, æмæ нæ мадæлон æвзагыл стырзæрдæг кæй кæнæм, сафы нæ ацы стырзæрдæдзинад, æмæ йæ нæ ‘мбарæм.

Æз алы хатт дæр æркæсын "Рæстдзинад" рафыссыны æрвылхъуырион бæрæггæнæнтæм æмæ мæм худæг фæкæсы, нæ разагъды интеллигенцийы фылдæр хай кæм цæры, мингай ирон лæппутæ æмæ чызджытæ цы уæлдæр скъолаты ахуыр кæнынц, уыцы Дзæуджыхъæуы цыппар округжы иумæ райсгæйæ, фондз мин экземпляры дæр кæй нæ рафыссынц, уый.

Хорз адæм, рæстæг тагъд цæуы, бирæ нал баззад газет "Рæстдзинад" ацы азы дыккаг æмбисæн рафыссыны æмгъуыдæй, уымæ гæсгæ батагъд кæнут йæ рафыссыныл. Иу бон цы хъуыддаг баззайы, уый сæдæ боны баззайы. Уыцы æмбисонд сымахыл дæр ма 'рцæуæд.

ТЕДЕТЫ Павел,
Горæтгæрон районы бынæттон хиуынаффæйады
администрацийы сæргълæууæг,
РЦИ-Аланийы Парламенты депутат

"Рæстдзинад" — нæ царды айдæн

Газет "Рæстдзинад" æз кæсын райдыдтон 14-15-аздзыдæй. Афтæ дæр-иу уыд, æмæ-иу ме 'мбал лæппутимæ цалдæрæй рафыстам иу экземпляр æмæ-иу æй къухæй-къухмæ истам. Кæнæ та-иу æй иумæ кастыстæм Терчы был. "Рæстдзинад" мыхуыр кодта æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, культурæйы хабæрттæ кастыстæм уæлдай цымыдисæй. Абайты Васойы тыххæй æппæты фыццаг бакастыстæм "Рæстдзинад"-ы. Æмæ стыр дисы бацыдыстæм, ногираг Абайты фарстам, чи у уыцы ахуыргонд, кæцон у? Тæхуды кодтам, нæ хæстæг кæнæ нæ хъæуккаг куы уаид, зæгъгæ, уый нæ фæндыд.

Ног чиныг рацыд, уæд-иу уый тыххæй базыдтам "Рæстдзинад"-æй, бæлвырд-иу нын бамбарын кодта чиныджы мидис. Уыцы заманты газеты бакастæн, Нигер Елбыздыхъойы æвзаджы тыххæй цы фыста, уый.

Театрмæ мæ хъус уæд адардтон, æмæ мын цымыдисаг куыд нæ уыд Нигеры уац.

Фæстæдæр, горæтмæ куы рацыдтæн, уæд ахæм нæ уыд, æмæ газет ма рафыссон. Ирыстоны-иу куы нæ уыдтæн, уæддæр-иу ме ссыдмæ номыртæ иууылдæр æмбырд уыдысты.

Уæдмæ мæхæдæг дæр райдыдтон фыссын "Рæстдзинад"-мæ. Тынг лымæн уыдтæн Хъаныхъуаты Валодяимæ.

Адæймаг зæронды бонмæ хъуамæ ахуыр кæна, зона, йæ адæм цæмæй цæрынц, уый. "Рæстдзинад"-ы бакæсæн æвæййы фысджыты, ахуыргæндты, культурæйы архайджыты хъуыдытæ. Иннæ газеттæ уый бæрц нæ фыссынц культурæйы уавæрыл. "Рæстдзинад"-æй базонæм газеткæсджыты хъуыдытæ æмæ сагъæстæ.

Сидын нæ интеллигенцийы минæвæрттæм, уæлдайдæр, Дзæуджыхъæуы чи цæры, уыдонмæ, республикæйы цæрæг адæммæ: рафыссæм та нæхи "Рæстдзинад", йæ тираж ын фæфылдæр кæнæм.

"Рæстдзинад" у нæ адæмæн læггадгæнæг, мадæлон æвзаг хъахъхъæнæг.

ХУЫГАТЫ Геор,
Цæгат Ирыстоны паддзахадон
академион театры аивадон разамонæг

”Рæстдзинад” — нæ рухстауæг

Ирон адæмы культурон царды ахсджиагдæр цаутæй иу уыд, 90 азы размæ нæ мадæлон æвзагыл газет "Рæстдзинад" цæуын кæй райдыдта, уыцы цины хабар. Ирон адæм уæд кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг згъордтой æмæ хъæугуывдтæ кодтой.

Æз мæхи уæлдай амонджындзинадæр хонын, ныр мын бирæ азты дæргъы — 75 азæй фылдæр, сфæлдыстадон бастдзинæдтæ кæй ис мæ уарзон газет "Рæстдзинад"-имæ, уымæй. Мæ фыццаг литературон уацмыстæ дæр фыццаг хатт рухс "Рæстдзинад"-ы фæрцы федтой, æмæ мын уæлдай зынаргъдæр та уымæн у.

Мах, ирон фысджытæ, "Рæстдзинад", дæу нæ авдæн хонæм, тынг адджын нын дæ, мадызæнæгау, дзырддзæугæ, кадджын æмæ радджын хистæр æфсымæрау — зæрдæмæ хæстæг. Махæй бирæтæ сæ рæз дæ фæрцы схастой, литературæмæ дæ "авдæнæй" рахызтысты. Æмæ дын нæ зæрдæ зæгъы: кус фæрнæй! Дæ хъæлæс зæлланг кæнæд ныронгæй ноджы тыхджындæрæй. Номдзыд Къоста цæмæ бæллыд: "...Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд", — уый дæ къухы æдзухæй дæр куыд æфта. Ды дæ нæ культурæйы, аивады, нæ царды фидардæр цæджындзтæй иу. Кус нын райдзаст æмæ фæрнæй. Ноджы тыхджындæр кæнæд дæ æвидигæ курдиат.

Мин-мин азты нын цæрæд æмæ цæрæд нæхи "Рæстдзинад".

Нæ ирон адæммæ та мæм ис ахæм куырдиат. Кæрцæй хæдон хæстæгдæр у, фæзæгъынц, æмæ-иу, уæ хорзæхæй, нæхи ирон газет "Рæстдзинад" рафыссынмæ макуы базивæг кæнут. Уый нын, Нарты номхæссæн зæрватыккау, Иры алы къуымтæм хæссы нæ царды æппæт хабæрттæ, ирд æмæ бæлвырдæй æвдисы ирон адæмæн се 'хсар, лæгдзинад, фарн, хъæздыг истори æмæ культурæ, у сын рухстауæг цырагъдар, æмæ уыцы хорздзинæдтæй уæхи æнæ хай ма кæнут.

ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт,
Ирыстоны адæмон фыссæг

(Æрмæджытæ — “Рæстдзинад”-ы архивæй)

Нывгæнæджы цæстæй

– Æри-ма дæ газет, æз дæр мæ сывæллонæн истытæ бакæсон, æмæ фæсабыр уа!

ЗЫГЪУЫТАТЫ Русланы
конд ныв

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Горæтаг чызджытæ — хъæуккаг чындзытæ

Æз цæрын Мичурины хъæуы, рагæй исын пенси, ис мын дыууæ лæппуйы æмæ иу чызг. Æртæйæ дæр райстой уæлдæр ахуырад. Чызг смой кодта Хуымæллæгмæ, ис ын чызг æмæ лæппу. Лæппутæ хъуыддæгтæ бакодтой. Чындзытæ сты горæтæгтæ, уыдон дæр каст фесты институттæ, сты экономисттæ. Хистæр чындз у Елойты чызг, алагираг, йæ ном — Зæринæ, иннæ та дзæуджыхъæуккаг, Тулойты чызг, йæ ном — Ингæ.

Хорз чындзæхсæвтæ сын скодтам, æрцыдис нæм бирæ адæм. Куывта бадты хистæр Хуыцаумæ, куырдта дзы сабырдзинад хæдзары бинонтæн, чындзытæн æнæниздзинад, амонд, бæркад æмæ афтæ дарддæр. Æз мæ бинойнаг Магкиан Зарæимæ бæллыдыстæм ахæм адæймæгтæм, æмæ нын сæ Хуыцау балæвар кодта. Сæ цинæй сырæзтыстæм, стæм тынг хъал.

Нæ хъæуы бирæ хорз хистæртæ ис, æмæ — цыдæриддæр ракуывтой, уыдон иууылдæр махыл дæр æрцыдысты. Мах афтæ фæзæгъæм: ис нын æртæ чызджы, уæлдай сæ нæ кæнæм. Нæ чызг æмæ чындзытæ сты хоты хуызæн. Æз сын алы хатт дæр кæнын арфæ сæ ныййарджытæн, ахæм сыгъзæрин сывæллæттæ чи схъомыл кодта. Хуыцау сын æххуыс кæнæд, æмæ сæ йæ хорзæх уæд.

Диссаг уый у, æмæ сын амонын ницы хъæуы, сæхæдæг алцыдæр зонынц: хæринаг кæнын, æхсын, хъуг дуцын, рувын, картоф садзын æмæ афтæ дарддæр. Иуахæмы фæрынчын дæн, æмæ мæ разæй æддæмæ нæ цыдысты: чи мын мæ тæвд барста, чи мын хаста хæринаг, лæгъстæ-иу мын кодтой, цæмæй иудыууæ комдзаджы скæнон. Афтæ алы хатт дæр, дзургæ дæр нæм кæнынц — папæ æмæ мамæ. Уыдонæн аргъ нæй. Нæ зæрдæ сын зæгъы, цæмæй уой амонджын царды, сæ зæрдæты цы ис, уыдон хорзæй æрцæуæнт, сæ цоты хорздзинæдтæй уæнт æфсæст.

Зæринæйæн ис дыууæ лæппуйы æмæ чызг, Ингæйæн та иу чызг. Дыууæйæ дæр сты æрыгæттæ. Мæ чындзытæ мæнæн сты Зæды хæйттæ, сæ зæрдæтæ — сыгъзæрин, сæ ныхас у фæлмæн, рæсугъд, сæ къахайстмæ кæсынæй не 'фсæды адæймаг. Махмæ цы дыууæ чындзы ис, ахæмтæ алы ирон хæдзары дæр уæд, цæмæй бинонтæ уой амонджын, хъæлдзæг æмæ æнæниз. Æз арфæ кæнын, æгас Ирыстоны сылгоймæгтæн дæр, цæмæй уой æнæниз, чи дзы цæмæ бæллы, уый дзæбæхæй йæ къухы бафтæд.

ХУЫРЫМТЫ Мурат,
Мичурины хъæу

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Хонæм уæ!

УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг, РЦИ-Аланийы адæмон артист Цæгат Ирыстоны фыццаг профессион балетмейстер Уарзиаты Хадзысмелы райгуырды 85 азы кадæн Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары (раздæры Металлургты культурæйы галуан) 24 мартъийы, майрæмбоны, 15 сахатыл уыдзæн йе сфæлдыстадон номарæн изæр.

Архайдзысты дзы Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Цæгат Кавказы республикæты профессион æмæ хихъæппæрисадон адæмон кафт æмæ зарды ансамблтæ æмæ вокалон къордтæ.

Газет ”Рæстдзинад“

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивдзытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 253.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru